



DEPATMAN SANTE AK IJYÈN  
MANTAL VIL NEW YORK  
Ashwin Vasan, MD, PhD  
Manm Komisyon

Ashwin Vasan, MD, PhD  
Manm Komisyon

Gotham Center  
42-09 28th St.  
Long Island City, NY 11101

February 26, 2024

Chè Pasyan,

Lèt sa a se pou fè w konnen Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York la (NYC Health Department) te mande enfòmasyon sou asirans sante yo, oswa yon frè sou yon seri sèvis klinik nou bay moun ki granmoun yo (laj 19 lane ak plis). Depatman Sante Vil New York la dwe mande yon asirans sante oswa yon pèman pou sèvis yo pou l ka reponn ak estanda Medicaid yo epi lòt rekòmandasyon legal yo.

- Si ou pa gen asirans sante oswa ou pa vle asirans sante w la peye pou vizit sa a, **al gade seksyon A a.**
- Si w vle itilize asirans sante w la pou w peye pou vizit sa a, **al gade seksyon B a.**

**Si w pa gen asirans oswa ou pa ka peye frè a, ou ka toujou jwenn sèvis.**

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/health](https://nyc.gov/health) epi chache **kesyon moun plis poze sou fakti klinik yo (clinic billing FAQ)** oswa rele **311** epi mande pou “fakti klinik depatman sante yo”. Si w genyen nenpòt kesyon, tanpri mande pèsonèl k ap travay nan klinik la.

Lizay,

Ashwin Vasan, MD, PhD  
Manm komisyon  
Depatman Sante ak Ijyèn  
Mantal Vil New York (New York  
City Department of Health and  
Mental Hygiene)

## A. Si ou pa gen asirans sante oswa ou pa vle asirans sante w la peye pou vizit sa a:

### Tanpri itilize echèl mobil tarif yo.

1. Nan kolòn “kantite moun ki nan fanmi an”, chache jwenn nimewo ki koresponn ak kantite moun k ap viv lakay ou a, konte tèt ou.
2. Al li ACROSS epi jwenn revni anyèl ou a. Yo pa p mande w prèw sou kantite moun ki nan fanmi w oswa sou revni anyèl ou.
3. Al gade ANBA bouton ki anba kolòn sa a pou w ka wè konbyen w dwe.
4. Tanpri ranpli yon chèk oswa jwenn yon manda (lajan likid pa ladan) ki ka peye **Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene)**.
5. Ansanm ak non konplè pasyan an, dat vizit la, ak nimewo idantifikasyon dosye medikal elektwonik (**patient’s electronic medical record identification, EMR ID**) pasyan an (W ap jwenn li nan etikèt ki devan lèt sa a) sou chèk la oubyen manda a. Adrès pou w voye pèman anba a.

### Enstriksyon

<b>Etap 1</b>	<b>Etap 2</b>	<b>Etap 3</b>
Chache jwenn kantite moun ki nan fanmi w lan (ni tout granmoun ansanm ak timoun k ap viv avè w).	Chache jwenn montan ou resewva nan yon lane nan kolòn ki endike yo (soti sou bò goch rive sou bò dwat).	Swiv kolòn ki anba tablo a pou w ka wè konbyen y ap gen pou yo mande w pou w peye pou vizit ou yo nan klinik la.

### Echèl mobil

<b>Kantite moun nan fanmi an</b>	<b>Revni Anyèl</b>					
1	Mwens pase 14,580 Dola	14,581 Dola jiska 18,225 Dola	18,226 Dola jiska 21,870 Dola	21,871 Dola jiska 29,160 Dola	29,161 Dola jiska 36,450 Dola	Plis pase 36,451 dola
2	Mwens pase 19,720 Dola	19,721 Dola jiska 24,650 Dola	24,651 Dola jiska 29,580 Dola	29,581 Dola jiska 39,440 Dola	39,441 Dola jiska 49,300 Dola	Plis pase 39,301 dola
3	Mwens pase 24,860 Dola	24,861 Dola jiska 31,075 Dola	31,076 Dola jiska 37,290 Dola	37,291 Dola jiska 49,720 Dola	49,721 Dola jiska 62,150 Dola	Plis pase 62,151 dola
4	Mwens pase 30,000 Dola	30,001 Dola jiska 37,500 Dola	37,501 Dola jiska 45,000 Dola	45,001 Dola jiska 60,000 Dola	60,001 Dola jiska 75,000 Dola	Plis pase 75,001 dola
5	Mwens pase 35,140 Dola	35,141 Dola jiska 43,925 Dola	43,926 Dola jiska 52,710 Dola	52,711 Dola jiska 70,280 Dola	70,281 Dola jiska 87,850 Dola	Plis pase 87,851 dola
6	Mwens pase 40,200 Dola	40,201 Dola jiska 50,350 Dola	50,351 Dola jiska 60,420 Dola	60,421 Dola jiska 80,560 Dola	80,561 Dola jiska 105,420 Dola	Plis pase 105,421 dola
7	Mwens pase 45,420 Dola	45,421 Dola jiska 56,775 Dola	56,776 Dola jiska 68,130 Dola	68,131 Dola jiska 90,840 Dola	90,841 Dola jiska 113,550 Dola	Plis pase 113,551 dola
<b>Frè pou peye</b>	<b>0 Dola</b>	<b>2 Dola</b>	<b>3 Dola</b>	<b>20 Dola</b>	<b>30 Dola</b>	<b>40 Dola</b>

**Egzanp sou Echèl Frè yo:**

- Yon sèl moun (Fanmi ki gen 1 moun) ak yon revni anyèl ki nan 19,000 dola ap peye yon frè 3 dola.
- Yon moun k ap viv ak twa timoun, yon madanm epi yon paran (Fanmi ki gen 6 moun) ak yon revni anyèl ki nan 60,421 dola ap peye yon frè 20 dola.

**B. Itilize asirans sante w la pou w peye pou vizit la:**

**Si w pa vini ak kat asirans ou a jodi a**, tanpri ranpli anba paj sa a epi soumèt li nan kourye lapòs nan adrès ki anba a.

**Si w te bay enfòmasyon sou asirans ou a nan klinik la oswa ou te soumèt li nan kourye lapòs**, ou menm oswa moun ki te fè kontra ak konpayi asirans la ka resevwa yon Esplikasyon sou Avantaj yo (Explanation of Benefits, EOB) k ap soti nan men founisè asirans ou a. EOB a ap fè yon lis ak tout sèvis ou te resevwa yo epi moutre si yo rekòmande pou w peye yon kantite nan pwòch ou. Si w dwe sou yon kantite kòb pou w te peye nan pwòch ou, tanpri voye nan kourye lapòs yon chèk oswa yon manda (lajan likid pa ladan) ki ka peye **Depatman Sante ak Ijèn Mantal Vil New York (NYC Department of Health and Mental Hygiene)** nan adrès nou mete anba a. Chèk la oswa manda a dwe gen ladan l **non konplè pasyan an, dat vizit la, ak nimewo idantifikasyon dosye medikal elektwonik (patient's electronic medical record identification, EMR ID) pasyan an** (W ap jwenn li nan etikèt ki devan lèt sa a).

**Adrès postal:**

NYC Department of Health and Mental Hygiene  
Attn: Division of Finance  
42-09 28th St., CN48  
Long Island City, NY 11101



**Tanpri faktire asirans sante ki endike anba a pou vizit mwen an:**

Non Asirans Sante a (obligatwa): \_\_\_\_\_

Adrès Asirans Sante a: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Asirans Sante a: \_\_\_\_\_

ID Asirans lan (obligatwa): \_\_\_\_\_ Nimewo Gwoup: \_\_\_\_\_

**Si se atravè yon maria/madanm (konjwen, yon paran oswa lòt moun w ap jwenn pwoteksyon asirans lan:**

Non moun ki te fè kontra ak konpayi asirans lan: \_\_\_\_\_

Dat Nesans moun ki te fè kontra ak konpayi asirans lan: \_\_\_\_\_

Relasyon ak Moun ki gen Asirans lan (si se pa pasyan an oswa ou men):

Konjwen  Paran  Lòt

**Siyati:** \_\_\_\_\_

**Dat:** \_\_\_\_\_